**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

## Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 4-апрельдеги 108-санлы буйрығын орынлаў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Тәлим-тәрбия системасын жәнеде жетилистириўге тийисли қосымша ис-иләжлар ҳаққында» 2020-жыл 6-ноябрьдеги ПҚ-4884-санлы қарарының 10-бәнти, 2020-жыл 20-ноябрь күни Ташкент қаласында бой тиклеп атырған заманагөй объектлер ҳәм кәрханалар менен танысыў барысында берилген тапсырмалары ҳәмде социаллық тараў ўәкиллери ҳәм жасларды қоллап-қуўатлаў, олардың белсендилигин асырыў, Чиланзар районын жәнеде раўажландырыў ҳәм халықтың турмыс шараятын жақсылаў мәселелери бойынша өткерилген 91-санлы мәжилис баянламасының 10-бәнти, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Президенти Администрациясы басшысының 2020-жыл 30-ноябрьдеги 02-3777-санлы тапсырмасының орынланыўын тәминлеў ҳәмде район (қала) халық билимлендириў бөлими пәнлер бойынша методистлер лаўазамының қәнигелик талапларына өзгерис киритиў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2019-жыл 7-декабрдеги 393-санлы буйрығы менен тастыйықланған «Халық билимлендириў хызметкерлериниң тийкарғы лаўазымларының қәнигелик талаплары» ның 166-бәнти төмендеги редакцияда баян етилсин:

«166. Қәнигелик талаплары:

а) қамтып алынған пәнлердиң бирине туўры келиўши кеминде бакалавр дәрежесиндеги жоқары педагогикалық мағлыўмат;

б) пәнлер бойынша методист курсынан өткенлиги ҳаққында сертификат;

д) шет тиллердиң бириниң басланғыш басқышын ҳәм хабар коммуникация технологияларынан пайдаланыўды билиўи;

е) бес жылдан кем болмаған педогагик яки халық билимлендириў басқарыўы органларындағы ис стажы;».

2. Министрликтиң Атқарыўшылық тәртиби ҳәм мүражатлар менен ислесиў бөлими (К.Бекбаулиев) не;

бир ҳәпте мүддете усы буйрықты барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине жеткериў;

2021-жыл апрель айынан баслап пән методисти лаўазымына белгиленген талапларға жуўап беретуғын ҳәм тийисли сертификатқа ийе болған педагогларды пәнлер бойынша методист лаўазымына жумысқа қабыл етиў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң биринши орынбасары ўазыйпасын ўақтынша атқарыўшы К.Бекбаулиевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

2021-жыл 14-апрель
№ 101-санлы